



**RÈGLEMAN ENTÈN  
MANB FONDATÈ  
ÒGANIZASYON BENE POU NOU TOUT  
(OBNT)**



# RÈGLEMAN ENTÈN MANB FONDATÈ YO

## Atik 1- Definisyon Manb Fondatè.

**Manb Fondatè** **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**, se Fanm ak Gason ki rejwenn premye inisyatè lide a. Se moun ki pataje, makònèn epi aksepte filozofi Pwomotè lide a ap fè pwomosyon pou li a.

Tout moun sa yo ki vini **Manb Fondatè** **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**, yo vini genyen menm dwa ak **Pwomotè lide a nan tout desizyon depi se pou bon mach** **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**. Youn nan pi gwo desizyon sa yo, konsène depans pou avansman **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**.

Nan sans sa a, **Manb Fondatè yo se fanmi, zanmi, ak etranje ki rejwenn Pwomotè lide a pou fòme Premye pi gwo Estrikti** **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**.

## Atik 2- Reprezantasyon Manb Fondatè yo.

**Manb Fondatè a** genyen yon estrikti ki ap dirije li ki pote non : **Komite Manb Fondatè (KMF)**. Se Komite sa a ki la pou dirige ak administre tout kesyon ki konsène **Manb sa yo ki genyen pou reyini**, diskite ak debat tout dosye ki pote sou objektif **OBNT** ap pousuiv lòske yo genyen Konvokasyon ki soti nan **Komite Manb Fondatè a** (KMF).

## Atik 3- Konpozisyon Komite Manb Fondatè (KMF).

**Komite Manb Fondatè a** (KMF) ap administre ak yon **Komite ki genyen senk (5) Manb** ladan li ki se :

- Prezidan
- Sekretè Jeneral
- Responsab Trezò
- Pòt Pawòl
- Konseye Jeneral.

## Atik 3.1- Wòl rès Manb yo.

Tout lòt **Manb Fondatè yo** ki nan kategori Manb board la a ap jwe wòl manb. Yo ap genyen pou yo diskite ak pran desizyon nan reyinyon **Komite Manb Fondatè yo** (KMF) ap genyen pou planifye.

## Atik 4- Atribisyon Komite Manb Fondatè (KMF).

**Komite Manb Fondatè (KMF)** genyen pou atribisyon :

- Planifye ak pwograme gwo desizyon estratejik **OBNT**.
- Pwopoze plan tavay ak potfèy bidjè anyèl **OBNT**.
- Elabore bidjè **Komite Manb Fondatè a** (KMF) pou sipote **OBNT**.
- Veye sou bon fonksyonnan **OBNT** pa rapò ak Estati epi Règleman entèn yo.
- Evalye travay **kategori manb team kise Group Teknik Entèvansyon (GTE)** an ap fè.
- Resevwa dosye kandida ak evalyasyon yo pou entegre **OBNT**.
- Resevwa tout rapò **kategori manb team kise Group Teknik Entèvansyon (GTE)** an.
- Resevwa Rapò, Kont Randi, Sigjesyon/Rekòmandasyon **lòt manb yo**.
- Aplike disiplin ak sanksyon sou manb ki fotif.



## **Atik 5- Wòl ak Responsabilite chak Manb nan Komite Manb Fondatè a (KMF).**

### **A- Prezidan.**

- ⊕ Reprezante ak repònn ak tout konvokasyon, aktivite yo envite **Organizasyon** an sou plan nasyonal ak entènasyonal.
- ⊕ Konvoke Komite Manb Fondatè a (KMF) ak Kategori Manb Board la nan reyinyon òdinè ak ekstrawòdinè.
- ⊕ Prezide Reyinyon komite Manb Fondatè a pou yo pran desizyon pou kategori yo.
- ⊕ Prezide seyans Asanble Jeneral **Organizasyon** an.
- ⊕ Prezide ak Konvoke Manb yo nan Asanble Jeneral Manb **Organizasyon** an.
- ⊕ Delibere sou desizyon ki pou sòti nan Asanble yo:
  - ❖ Asanble Jeneral **Organizasyon** an (AJ- OBNT)
  - ❖ Asanble Jeneral Manb **Organizasyon** an (AJM- OBNT).
- ⊕ Otorize ak manb yo entegrasyon nouvo Manb aprè etid ak verifikasyon dosye kandida a.
- ⊕ Veye sou bòn mach **Organizasyon** an ak sou desizyon Asanble manb yo pran.
- ⊕ Siyen tout dokiman administratif **Organizasyon** an.
- ⊕ Bay apwobasyon sou tout depans ki ap fèt sou non **Organizasyon** an.
- ⊕ Siyen ak Sekretè Jeneral la Pwosè-Vèbal Reyinyon Komite Manb Fondatè a (KMF).
- ⊕ Siyen ak Responsab Trezò a Rapò finansye Komite Manb Fondatè a (KMF).
- ⊕ Kontwòle tout aktivite **Organizasyon** an ap fè.
- ⊕ Resevwa tout rapò kategori manb yo la ap genyen pou soumèt ak KMF la.

### **B) Sekretè Jeneral.**

- Konsève ak ranje tout rejis manb ak tout lis byen, ekipman, materyèl, **Organizasyon** an.
- Ajoute tout nouvo manb, manb ki kite ak sa ki mouri nan rejis Manb Komite Manb Fondatè a (KMF).
- Resevwa epi transmèt dosye nouvo Manb **Organizasyon** an ak Prezidan pou swivi.
- Ekri lèt envitasyon, fè apèl ak tout Manb Komite Manb Fondatè a (KMF) ak Rès Manb ki nan Kategori sa a lè genyen reyinyon.
- Pran nòt lè genyen reyinyon Komite Manb Fondatè a (KMF) ak reyinyon Kategori Manb Board.
- Ekri tout Pwosè-vèbal reyinyon Òdinè ak Ekstawòdinè Komite Manb Fondatè a (KMF).
- Fè lekti pwosè vèbal ak Kont randi reyinyon Komite Manb Fondatè a (KMF).
- Anrejistre tout desizyon ki pran nan Asanble Jeneral (AJ) ak Asanble Jeneral Manb **Organizasyon** an (AJM- OBNT) aprè li fini resevwa yo.
- Jere tout dokiman administratif **Organizasyon** an nan tèt kole ak Administratè-tris.
- Klase tout dokiman ki sòti anndan ak deyò **Organizasyon** an pou kapab estoke yo sou sit **Organizasyon** an ak rejis fizik yo.
- Siyen ak Prezidan an Pwose-vèbal ak Rapò Administratif Komite Manb Fondatè a (KMF).

### **C) Responsab Trezò.**

- ⊕ Resevwa kotizasyon mansyèl obligatwa ak Montan anyèl kès asistans sosyal **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**.
- ⊕ Jere tout antre ak depans Komite Manb Fondatè a (KMF) ap fè.
- ⊕ Jere fason lajan ap rantre nan KÈS ak KONT labank **Organizasyon** an nan tèt kole avek Kontwolè-Kontwolèz finansye manb komite a.
- ⊕ Jere tout depans asosyasyon an ki sòti nan bidjè Asanble Jeneral **Organizasyon BENE POU NOU TOUT**
- ⊕ Kolekte tout chif sou byen **Organizasyon** an posede nan tèt kole ak Responsab Lojistik la.
- ⊕ Ekri bidjè fonksyonnan Komite Manb Fondatè a (KMF).



- ⊕ Resevwa bidjè Fonksyonnan **Organizasyon** an.
- ⊕ Anrejistre tout antre ak sòti lajan **Organizasyon** an sou baz dokiman **manb Komite a** ap soumèt.
- ⊕ Mete disponib tout pyès ki jistifye acha, depans, dèt, prè, don sou non **Organizasyon** an.
- ⊕ Pezante eta finansye lè genyen reyinyon **Komite Manb Fondatè (KMF)**.
- ⊕ Prezante Rapò finansye nan Asanble Jeneral **Organizasyon** an.
- ⊕ Siyen ak Prezidan an Rapò finansye **Komite Manb Fondatè a (KMF)** ak **Organizasyon** an.

**D) Pòt Pawòl.**

- **Pran lapawòl** nan non **Organizasyon** an sou plan nasyonal ak entènasyonal lè prezidan an anpeche.
- Kominike pawòl ak mesaj enpòtan Komite Manb Fondatè a (KMF) ak tout rès Manb yo ak lòt estrikti **Organizasyon** an.
- Reprezante **Organizasyon** an nan envitasyon ofisyèl yo sou delegasyon **Komite Manb Fondatè a (KMF)**.
- Fè kont randi lè li deplase nan envitasyon ofisyèl yo ak **Komite Manb Fondatè a (KMF)** epi ak tout rès manb yo.
- Fè rapwochman **Organizasyon** an ak tout lòt entistisyon tankou **privé, publik, sosyete sivil ak entènasyonal**.
- Fè pwomosyon ak enfòme lòt moun sou aktivite **Organizasyon** an ap fè pou li kapab genyen novo manb ak bon renome.
- Defann valè, onètete, ak repitasyon **Organizasyon** an devan tout lòt moun.

**E) Konseye Jeneral.**

- ⊕ Bay bon jan konsèy ak bòn direksyon sou tout desizyon ki ap pran nan **Komite Manb Fondatè a (KMF)** ak **Organizasyon** an.
- ⊕ Ranplase yon lòt manb nan **Komite Manb Fondatè a (KMF)** lè genyen vakans ak anpèchman.
- ⊕ Akonpaye ak bay asistans ak **Komite Manb Fondatè a (KMF)** ak tout lòt estrikti yo nan travay yo ap fè.
- ⊕ Veye sou fason tout estrikti **Organizasyon** an ap fonksyone epi fè rekòmandasyon pou yo rive byen fonksyone.
- ⊕ Sèvi Abit lè genyen bouch louvri ak chire pit nan **Komite Manb Fondatè a (KMF)** ak lòt estrikti **Organizasyon** an.

#### Atik 6- Pwosedi Eleksyon ak Dire Komite a

**Komite Manb Fondatè a (KMF)** ap monte pa mwayen vòt inanim tout manb **kategori Manb board** la pwale pou diferan pòs ki genyen nan Komite a. Manb yo kapab pote yo kandida volontè oubyen yo deziye yo nan yon pòs sou baz eksperyans ak konpetans yo genyen.

Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Fondatè yo** dakò pap genyen vòt se sèlman aklamasyon ki ap genyen.

Nan ka yon deziyasyon pou yon pòs, depi tout **Manb Fondatè ki** dakò ak lòt **Manb Fondatè ki** pa dakò, se pa mwayen yon vòt nan mitan **Manb Fondatè yo** kandida a ap rive genyen pòs la. **Se toujou vwa majorité a ki ap pase.**

**Komite Manb Fondatè a (KMF) la pou yon dire yon lanne (1 an).** Manda li ap kòmanse nan dat eleksyon an, pou monte ou renouvre Komite a nan li te fèt la.



## **Atik 7- Dwa Prezidan an nan Konvokasyon ak Moderasyon reyinyon.**

Kèlkeswa reyinyon ki ap fèt la sou kèlkeswa fòm li ap fèt la tankou fizikman, apèl konferans ak apèl vidéyo, se Prezidan an ki ap genyen dwa pou li fè konvokasyon ak tout Komite Manb Fondatè a (KMF) epi se limenm tou ki ap moderatè reyinyon an.

Sepandan, nan ka Prezidan an ta genyen yon anpechman, se **Sekretè Jeneral** la a ki ap genyen dwa pou li jwe wòl Prezidan an genyen nan konvokasyon ak animasyon reyinyon.

Konsa tou, kit se **Prezidan** an kit se **Sekretè Jeneral** la ki te fè konvokasyon an, **youn nan yo kapab mande nenpòt manb nan Komite a pou jwe wòl moderatè nan reyinyon an** pou pèmèt patisipasyon anplis chak manb nan jesyon tan rankont yo ak tan lapawòl.

## **Atik 8- Reyinyon Komite Manb Fondatè (KMF) ak Sanksyon.**

Tout Manb **Komite Manb Fondatè a (KMF)** yo ak res manb yo dwe preznan tout reyinyon ki ap fèt, **kèlkeswa fòm** li ap fèt la, tankou; **Fizikman, apèl konferans ak apèl vidéyo**. Si toutfwa ta genyen yon manb ki pap ka preznan yon reyinyon an, **Manb Fondatè a dwe fè Prezidan an konnen sa davans**. Sof nan ka ijans men fòk manb la ka pwouve ijans li a.

Nan ka kontré, **Manb Fondatè** ki preznan yo ap pran sanksyon kont **Manb Fondatè** ki absan an.

Lè sa a, **Manb Fondatè a ap genyen pou li peye kòm penalite (\$ 20 US pou manb ki ap viv nan peyi letranje, de mil (2000) goud pou manb ki ap viv Ayiti) nan yon dat ki pa dwe depase (twa) 3 jou**. Si delè (twa) 3 jou a ta pase san **Manb Fondatè a** pa peye penalite a, **Manb Fondatè sa a ap pèdi tout kalite dwa Manb li**. Pou li rejwenn tout kalite dwa manb li, **li ap genyen pou vèse tout montan penalite yo yon sèl kou**.

## **Atik 9- Respè Règleman Entèn nan Desizyon Manb Fondatè yo.**

Kèlkeswa desizyon majorite **Komite Manb Fondatè a (KMF)** ap pran ak rès Manb yo, **fòk desizyon sa a pa vyole youn nan atik ki nan Règleman Entèn** **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**. Si desizyon an ta rive vyole Prensip Fondamantal Règleman Entèn nan komite manb fondatè a, **desizyon sa a, menm si se majorite Manb Fondatè yo ki pran li ebyen desizyon an pap valab**.

## **Atik 10- Delè pou Konvokasyon Manb Fondatè yo.**

Tout konvokasyon pou reyinyon Komite Manb Fondatè a (KMF) ap fèt venkatrè tan (24è) alavans. Sepandan, si ta genyen yon ijans nan **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, nan ka sa a, **Prezidan an ap genyen dwa pou li konvoke tout Manb Fondatè yo** san li pa teni kont ni jou ak lè li ye a.

## **Atik 11- Desizyon ki pou sòti nan ka yon Manb Fondatè abandone.**

Si nan yon reyinyon Komite Manb Fondatè a (KMF) ta genyen pou yo pran yon desizyon pou bon mach **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, ta genyen yon **Manb Fondatè ou plizyè Manb Fondatè ki ta deside kite reyinyon an pou kèlkeswa rezon an**, san reyinyon an pokon fini, lè sa a, **lòt Manb Fondatè yo ki rete a ap genyen dwa pou yo pran kèlkeswa desizyon an** depi se pou bon mach **Òganizasyon** an depi li kadre ak **Estatit Òganizasyon** an.

## **Atik 12- Kowòm pou Komite Manb Fondatè a (KMF) pran Desizyon.**

Tout gwo desizyon Komite Manb Fondatè a (KMF) ap genyen pou yo pran pou bon mach **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, Manb Fondatè yo dwe pran li nan yon reyinyon epi reyinyon sa a dwe genyen pou pi piti twa (3) **Manb Fondatè** ladann. Nan ka pa ta genyen twa (3) **Manb Fondatè pou pi piti**, desizyon sa a pap valab pou **Òganizasyon** an.



## **Atik 13- Obligasyon Prezans pou Manb Fondatè yo.**

Nan tout reyinyon ki ap fèt pou pran desizyon pou bon mach **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, tout Manb Fondatè yo obligatwaman dwe prezan. Si toutfwa ta genyen yon Manb Fondatè ki pap kapab prezan nan reyinyon an, lè sa a **Manb Fondatè a dwe bay rezon valab ki ap fè li pap kapab prezan**.

Aprè twa (3) konvokasyon youn kole ak lòt, **Manb Fondatè a dwe prezan nan reyinyon an**. Si sa pa rive fèt, pap genyen rezon valab ankò. Lè sa a, lòt Manb Fondatè yo ki prezan an ap pran tout desizyon yo dwe pran pou bon mach **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**.

## **Atik 14- Dwa pou Sanksyone Desizyon Manb ki pa Kadre.**

Genyen kèk desizyon sitou si ta genyen kèk ijans nan **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, Komite Manb Fondatè a (KMF) ou plizyè Manb Fondatè kapab deside pou bon mach **Organizasyon** an si toutfwa tout lòt Manb Fondatè yo pa ta disponib nan moman sa a.

Men nan yon reyinyon, **yon Manb Fondatè ou plizyè Manb Fondatè kapab kase desizyon an**, si aprè analiz, desizyon an pa ta cadre ak Estati **Organizasyon** an.

## **Atik 15- Obligasyon Fidelite nan Desizyon ak Deklarasyon Biblik yo.**

Tout desizyon, tout deklarasyon **Manb Fondatè yo** pataje ak tout lòt manb **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, publikman dwe respekte epi bibliye kontni an san chanje yon yota ladan li.

## **Atik 16- Obligasyon Respè Youn Pou Lòt ak Sanksyon.**

Respè youn pou lòt se yon obligasyon nan mitan tout Manb Fondatè **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, menm jan sa ekri nan atik yo ki nan Estati **Organizasyon** an. Si yon manb ta rive manke dega ak yon lòt manb, Manb Fondatè ki vyole prensip la ap genyen pou li peye (\$ 100 US pou manb ki ap viv nan peyi letranje, twa mil (5000) goud pou manb ki ap viv Ayiti) kòm yon penalite nan yon delè ki pa dwe depase twa (3) jou fran.

Anplis, **Manb Fondatè a** ap genyen pou prezante eskiz li ak tout lòt Manb Fondatè yo sou fòm vèbal ou ekri nan Plafòm vityèl **Manb Fondatè yo**. Nan ka **Manb Fondatè a** ki vyole prensip ak respè youn pou lòt la ta refize prezante eskiz publik li, **Manb Fondatè a** ap pèdi tout kalite dwa manb li.

## **Atik 17- Kondisyon Pou Manb Fondatè a Rejwenn dwa Manb li.**

Pou **Manb Fondatè a** rejwenn tout kalite dwa manb li ankò, fòk li peye tout jou ki pase yo aprè (twa) 3 jou fran li te genyen an. Chak gresson jou sa yo se (\$ 10 US pou manb ki ap viv nan peyi letranje, mil (1000) goud pou manb ki ap viv Ayiti). Aprè **Manb Fondatè a** fini peye penalite a, li ap genyen pou fè yon eskiz vèbal oubyen ekri dabò ak Komite Manb Fondatè a (KMF) epi ak tout rès **Manb Fondatè yo**.

## **Atik 18- Manb Referans ak pèt privilèj.**

Sou peryòd yon lanne, **tout Manb Fondatè yo** dwe referans youn oubyen plizyè manb nan **Organizasyon** an. Sa kapab rive yon Manb Fondatè pa ta referans lòt manb. Lè sa rive, **Manb Fondatè a** ap pèdi avantaj pou jwi privilèj bay tèt li kòm kandida pou komite manb fondatè a toutotan li pa rive referans youn ou plizyè manb nan **Organizasyon** an.

## **Atik 19- Frekans Reyinyon ak Sanksyon.**

Komite **Manb Fondatè a** (KMF) li menm ap reyini de (2) **fwa nan mwa** chak 2èm ak 4èm dimanch pou diskite afè kourant **Organizasyon** an. Manb Komite a ap jwenn yon mesaj rapèl chak fwa nan men **Sekretè Jeneral la** sou jou ak lè reyinyon sa ap fèt. Dire reyinyon sa a se **1è a 2èd tan**. Li pa dwe depase 2èd tan.



**Tout Manb Fondatè yo dwe reyini pou pi piti yon (1) fwa nan mwa a pandan 2èd tan pou pi piti, pou Manb Fondatè yo diskite sou pwogrè ki fèt ak pèspektiv yo. Konvokasyon sa ap fèt ak tout Manb Fondatè yo sou plafòm vityèl yo pa yon mesaj oubyen yon nòt ki pote siyati Sekretè Jeneral Komite Manb Fondatè a (KMF).**

**Tout Manb Fondatè yo ap genyen pou yo peye yon montan (\$ 10 US pou manb ki ap viv nan peyi letranje, Mil (1000) goud pou manb ki ap viv Ayiti) chak fwa li pap kapab prezan kòm penalite si pa genyen yon motif valab pou sa. Montan sa dwe vèse nan yon dat ki pa depase sèt (7) jou fran. Nan ka Manb Fondatè a refize peye penalite a, li ap pèdi tout kalite dwa manb li. Pou li rejwenn tout kalite dwa manb li, li ap genyen pou vèse tout montan penalite yo yon sèl kou.**

#### **Atik 20- Pèt Kalite Dwa Manb Fondatè.**

**Kèlkewa Manb Fondatè a ki ta genyen pou li peye yon penalite, epi ki pa rive peye penalite a nan dat ki te fikse pou sa a, lè sa a Manb Fondatè a ap pèdi otomatikman tout kalite dwa manb li.**

#### **Atik 21- Rekovremman Dwa Manb ak Limitasyon dwa a.**

**Si yon Manb Fondatè ta pèdi tout kalite dwa manb li, epi aprè sa Manb Fondatè a ta rejwenn tout kalite dwa manb li, lè sa a, tout desizyon lòt Manb Fondatè yo te gentan pran pou bon mach **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, nan moman absans Manb Fondatè a te pèdi tout kalite dwa manb li a, li pap kapab bay opinyon li ni kase okenn nan desizyon ki te gentan pran yo.**

#### **Atik 22- pwosedi pou yon manb demisyone**

**Si yon Manb swa nan Komite Manb Fondatè a (KMF) oubyen nan Kategori Manb Board la, pou yon rezon kelkonk ta deside demisyone, pou pwòp rezon pa li epi san yo pa ni fose li ni mande li demisyone, li genyen yon fason pou li fèsa.**

- Tou dabò, **Manb Fondatè a dwe konsilte Manb fondatè ki te pèmèt entegrasyon li nan Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, pou diskite avèk li sou sa.
- Aprè sa, **Manb Fondatè a ap genyen pou li konsilte Prezidan Komite Manb Fondatè Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, ki te bay otorizasyon pou li rankontre lòt moun yo pou diskite sou motif ak kontrent li genyen ki fè li oblige demisyone.
- Se aprè li fini konsilte ak diskite ak de (2) **Manb sa yo**, Manb la ap genyen posibilité pou ekri lèt demisyon li a ki ap adrese ak **Komite Manb Fondatè a (KMF)**.
- **Pwosedi sa valab pou tout manb Manb Fondatè yo** ki ap demisyone.
- **Pou Manb Fondatè ki te nan Komite Manb Fondatè a (KMF)**, fòk li remèt tout dosye ak materyèl **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, ki te nan men li yo epi bay yon ti tan pou pèmèt lòt manb ki ap ranplase li a genyen konesans sou dosye li te trete yo epi genyen achiv sa yo pou travay la kapab kontinye. Anplis fòk li peye tout dèt li te genyen anvè **Òganizasyon an** avan demisyon li an asepte.
- **Pou yon Manb Fondatè ki pa te nan Komite Manb Fondatè a**, li dwe peye tout dèt li yo avan demisyon li an asepte.

#### **Atik 23- Byen materyèl ak imateryèl epi fason pou yo itilize.**

**Tout byen materyèl ak imateryèl dwe disponib pou tout **Manb Fondatè Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, Tout byen materyèl ak imateryèl **Òganizasyon** an pa dwe itilize pou afè pèsønel kèlkewa Manb Fondatè li ye a.**



## Atik 24- Konfidansyalite nan Pataj Enfòmasyon.

**Si ta genyen yon Manb Fondatè pou yon rezon ou pou yon lòt ki ta deside pataje enfòmasyon pèsonele** **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** pou yon rezon ou pou yon lòt, ak yon lòt manb ou plizyè lòt manb ki pa genyen otorizasyon pou sa, epi ki pa fè pati nonplis **Manb Fondatè Òganizasyon** an, selon ijman ak gravite ka a, komite **Manb Fondatè a ap genyen tout dwa pou yo retire tout kalite dwa manb fondatè a.** **Manb Fondatè sa a pap janm genyen aksè ak enfòmasyon pèsonele** **Òganizasyon** an ankò epi li pap janm ka poze kandidati li pou yon pòs electoral menm si **Manb Fondatè a ta rejwenn tout kalite dwa manb li te pèdi a.** Epi pou **Manb Fondatè a** rejwenn tout kalite dwa manb li ankò, fòk li peye \$200 us kòm penalite sou plas san delè.

## Atik 25- Repatisyon Depans yo.

Tout depans ki prevwa fèt pou bon mach **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** dwe fèt kolektif epi ekitab, sa vle di nan tèt ansanm, egal ego ak tout **Manb Fondatè yo.**

## Atik 26- Kotizasyon Manb Fondatè yo.

Tout kotizasyon Manb Fondatè yo pou reyalize yon pwojè kèlkonk swa **a kou tèm, mwayen tèm ak lon tèm dwe opworata.** Okenn **Manb Fondatè pa genyen dwa pou li prete ni reprann li aprè kotizasyon Manb Fondatè a.**

## Atik 27- Montan kotizasyon pou Manb Fondatè yo.

Kontribisyon Manb Fondatè yo, se pou manb ki ap viv nan peyi letranje ak peyi Dayiti.

- ❖ Manb peyi letranje : **\$30 us** pou pi piti.
- ❖ Manb lokal : **1000 Goud** pou pi piti.

### Atik 27.1- Peryòd kotizasyon manb yo.

Kontribisyon tout manb Fondatè yo obligatwa. **Montan sa dwe vèse chak mwa, sòti premye (1) pou rive kenz (15) nan mwa a.** Depi kenz (15) la pase nan mwa a manb la pa ta gentan vèse montan kotizasyon dwa manb li, lè sa a manb la ap genyen pou li vèse 10% reta sou montan mwa a.

### Atik 27.2- Lòt peryòd kotizasyon ki otorize.

Kèlkeswa manb fondatè li ye a kapab vèse montan kotizasyon dwa manb li chak **twa (3) mwa, sis (6) mwa, nèf (9) mwa epi douz (12) mwa a** lavans pandan lanne a.

### Atik 27.3- Limit pou manb ki pa kotize ak pèt dwa manb li.

**Kèlkeswa manb fondatè li ye a,** li pa genyen dwa pou li depase katrevendis (90) jou, sa vle di twa (3) mwa san li pa vèse montan kotizasyon dwa manb li. Si sa ta rive pou yon manb Fondatè ta pase katrevendis (90) jou san li pa ta vèse montan kotizasyon dwa manb li ak tout 10% reta yo, **manb fondatè a ap pèdi tout dwa manb li.** Apati moman sa, **manb la pap kapab jwi kèlkeswa privilèj la tankou (patisipe nan reynyon, vote pou yon desizyon, bay lide pali pou yon pwopozisyon kelkonk elatriye)** nan **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT).**

Kèlkeswa manb fondatè li ye a, pa gen dwa depase yon lanne ki vle 12 mwa san li pa reprann dwa manb li te pèdi a, si sa ta rive manb sa ap retire nan sistèm **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT), pou manb la retounen nan systèm nan ankò li dwe pase tout pwosesis integrasyon yo ankò e li dwe peye tout dèt li yo pandan ane pase a ak integrasyon li ankò.**



## **Atik 28 - Pwosedi pou reprann dwa manb li.**

Pou manb Fondatè a rive jwenn dwa manb li te pèdi a, **fòk li vèse TOUT montan kotizasyon li te dwe vèse yo pandan katrevendis (90) jou a** epi fòk li tou vèse **tout montan kotizasyon** dwa manb li pandan **absans dwa manb li yo ak tout 10% reta yo**. Lè manb la ap fè sa, **li dwe vèse tout montan kotizasyon dwa manb li yon sèl kou**. Konsa Komite Manb Komite Manb Fondatè a (KMF) ap pèmèt manb la reprann dwa manb li te pèdi a.

## **Atik 29- Dispozisyon final sou kotizasyon manb yo.**

Chak kenz (15) nan mwa desanm nan lanne a, **se dènye mwa pou tout manb** **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** **pou yo vèse tout montan kotizasyon dwa manb yo**. Menm si se yon mwa sèlman li ye, fòk manb la vèse montan sa pou fasilité reyalizasyon bilan lanne a. Sinon manb la ap genyen pou li peye yon penalite **30% sou chak mwa** manb la pa te gentan vèse montan kotizasyon dwa manb li pandan lanne a.

## **Atik 30- Itilite kotizasyon an.**

Youn nan rezon ki fè Administrasyon **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** mande patisipasyon chak manb fondatè li yo yon kotizasyon, se pou bon fonksyoneman ak avansman **Òganizasyon** an.

## **Atik 31- Kontribisyon yon manb pou tounen resous Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**

Kontribisyon manb fondatè yo **pa pou okenn manb fondatè a tit pèsònèl**, sa vle di se pou tout manb li ye. Lè nou mete yo ansanm, yo tout tounen FON **Òganizasyon** an ki ap aji anba chapo yon **Pèsòn moral**.

## **Atik 32- Materyèl ak Ekipman Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT).**

Tout materyèl ak ekipman **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** se byen prive li. Pa genyen manb fondatè ki otorize pou sèvi ak materyèl sa yo kòmsi se te byen pèsònèl yo.

## **Atik 32.1- Dwa pou itilize materyèl ak ekipman Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT).**

Sèlman manb administrasyon **Òganizasyon** an ki genyen dwa pou itilize tout materyèl ak ekipman yo sof nanka ijans yon lòt manb ap kapab itilize materyèl **Òganizasyon** an Men fòk manb la jwenn otorizazyon pou sa pa Komite Manb Fondatè a (KMF).

## **Atik 33- Entèdiksyon sou materyèl Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT).**

Nenpòt Manb ki genyen yon materyèl/ekipman oubyen plizyè materyèl/ekipman **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** nan men li, manb la pa genyen dwa: **Vann li, fè kado li, prete li, twoke li, pran li, ni mete li nan plàn/brikabrik elatriye.**

## **Atik 34- Sanksyon sou moyèz itilizasyon materyèl ak ekipman Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT).**

Si toutfwa yon manb nan **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** ta vyole sa **atik 33 a di a**, men ki sanksyon ki ap tann li:

Manb la pap kapab itilize materyèl/ekipman **Òganizasyon** an pandan trant (30) jou. Manb la dwe remèt materyèl la nan yon dat ki pa dwe depase trant (30) jou. Si tan yo bay manb la pou remèt materyèl la pa respekte **Òganizasyon** an ap oblige trennen manb la Lajistis. Aprè lajistis fini tranche kòz la, **Òganizasyon** an ap aplike sanksyon pa li sou manb la.

## **Atik 34.1- Sanksyon aprè peryòd trant (30) jou.**

Menm si manb la ta remèt materyèl la oubyen ekipman an avan trant (30) jou a, malgre sa, manb la pap kapab itilize materyèl **Òganizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** pandan katrevendis (90) jou.



### **Atik 35- Sanksyon pou repetisyon vyolasyon atik 33.**

Si menm manb la ta vyole **Atik 33 a** yon lòt fwa ankò, manb la ap genyen kenz (15) jou kounye a pou li remèt materyèl ak ekipman an. Sinon **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** ap oblige trennen manb la Lajistis.

### **Atik 35.1- Sanksyon aprè peryòd kenz (15) jou.**

Menm si manb la ta remèt materyèl/ekipman an avan kenz (15) jou a, malgre sa, manb la pap janm kapab itilize materyèl/ekipman **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** ankò. Kidonk, Komite Manb Fondatè a (KMF) ap oblige ranphase manb la definitivman jan sa dwe fèt nan ka se yon manb KMF.

### **Atik 36- Retou materyèl ak sanksyon pou refi.**

Kèlkeswa Manb Komite fondatè (KMF) ki pafè pati Komite a ak tout lòt manb fondatè yo pou yon rezon ou pou yon lòt ki ta kite komite a oubyen **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** dwe remèt tout materyèl ki nan men li. Si li refize fè sa, **Organizasyon** an ap oblige trennen manb sa a devan Lajistis pou li kapab resevwa materyèl sa a, ou materyèl yo nan men li.

### **Atik 37- Radyasyon san reklamasyon.**

Kèlkeswa manb fondatè ki ta deside pou yon rezon ou pou yon lòt kite **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**, manb sa a pap kapab fè okenn reklamasyon sou sa li te bay **Organizasyon** an sou kelkeswa fòm nan.

### **Atik 38- Entegrasyon ak Modalite**

Kèlkeswa manb Fondatè ki ap entegre nan sistèm **Organizasyon** an, manb sa ap genyen pou li ranpli yon fòm entegrasyon pou li bay kèk ti enfòmasyon de li epi bay yon montan ki se san dola ameriken (100) Us kòm frè entegrasyon li nan **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)**.

### **Atik 39- Delè pou Siyati Règleman Entèn la ak Sanksyon.**

Manb fondatè a genyen yon dèle sèt jou (7) pou li kapab li, byen li e konprann tout sa ki di nan **Règleman Entèn Manb Fondatè a** avan li siyen dokiman an. Aprè siyati **Règleman Entèn** nan, pa tout Manb Fondatè yo, si yon Manb Fondatè pa ta respekte akò li fini siyen an, Manb Fondatè sa a ap genyen yon delè twa (3) jou fran pou li deside. Si delè sa a pase, Manb Fondatè sa a pap kapab fè pati Manb Fondatè **Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT)** ankò.

### **Atik 40- Modifikasyon nan Règleman Entèn Manb Fondatè a.**

**Règleman Entèn Manb Fondatè a**, kapab sibi yon modifikasyon sa vle di retire oubyen mete yon atik selon koz la e aprè ijiman lòt manb fondatè yo nan yon **asanble jeneral (AJ)** avan elekson pou yon nouvo **komite manb fondatè (KMF)**.

Mwen li, mwen komprann, **mwen aksepte tout règleman ki nan Règleman Entèn Manb Fondatè Organizasyon BENE POU NOU TOUT (OBNT):** \_\_\_\_\_

**Manb Fondatè**

**Pòtoprens Ayiti : Le 03 Fev 2023**

